

**Your Logo**

# **Your Legal Services Program Name**

## **ASISTANS CHOMAY APRÉ SIKLÒN KÉKSION YO MANDÉ ANPIL**

1. Mwen pèdi travay mwen apré siklòn nan. Eské mwen kalifié pou Asistans Chomay apré Siklòn?

Si ou pèdi travay ou akòz siklòn nan, ou kapab kalifié pou Asistans Chomay apré Siklòn, menm si ou pa tap kalifié pou Bénéfis Chomay Régilié. Mé yon ékzanp: ou kapab kalifié pou Asistans Chomay apré Siklòn si:

- A. Sé siklòn nan dirèktéman ki lakòz ou pèdi travay ou; osinon
  - B. Siklòn nan lakòz ou pa kapab alé nan travay ou; osinon
  - C. Ou té dwé alé koumansé yon travay, men siklòn nan lakòz ou pèdi travay sa-a; osinon
  - D. Sé ou ki vini gen chay pou pran swen kay la, paské moun ki té konn pran swen kay la mouri akòz siklòn nan; osinon
  - E. Ou pa kapab travay akòz yon frakti ou té résévwa nan siklòn nan.
2. Eské mwen kapab kalifié pou Asistans Chomay apré Siklòn si map travay ak tèt mwen?

Wi, si ouap travay ak tèt ou, ou kapab kalifié pou Asistans Chomay apré Siklòn si:

- A.. Sé siklòn nan dirèktéman ki lakòz ou pèdi travay ou; osinon
- B. Ou pa kabap alé nan zòn koté ou konn bay sèvis yo; osinon
- C. Ou ta dwé koumansé pwòp travay pa ou, men ou pa gen you koté pou ou établi ou akòz siklòn nan; osinon
- D. Ou pa kapab travay akòz yon frakti ou té résévwa nan siklòn nan.

**3. Ki lòt bagay mwen bézwen pwouvé pou mwen kapab kalifié pou Asistans Chomay apré Siklòn?**

Ouap gen pou ou moutré tou:

- A. Ou té travay asé pandan dènyé ané ki pasé-a; épi tou
  - B. Ou réjistré pou travay nan yon Sant Lokal épi ou disponib pou ou travay sòf:
    - 1. Si ou té domajé nan siklòn nan épi domay la lakòz ou pa kapab travay; osinon
    - 2. Si ou tap travay ak tèt ou anvan siklòn nan, épi ouap éséyé mété biznis ou sou pié ankò.
4. Eské imigran kalifié pou Asistans Chomay apré Siklòn?

Wi, si ou gen papié travay valab épi ou sé sitwayen mériken, si ou gen rézidans pèmanant légal (Grenn Kat), refijé, si ou gen azil, si ou té antré sou program Kiben/Ayisien, si ou té jewnn pawòl pou yon lané osinon plis, si ou té antré sou kondision, viktim violans domestik, osinon yo

té anilé depòtasyon ou.

5. Ki koté pou mwen apliké pou Asistans Chomay apré Siklòn?

Gen 3 fason pou ou apliké, men mwayen Entènèt osinon nan telefòn pibon pasé lapòs osinon faks:

- a. Nan telefòn - Rélé 1-800-204-2418.
- b. Sou Entènèt - nan [www.fluidnow.com](http://www.fluidnow.com). Ou kapab apliké nan Konpitè nan yon Sant ki tou pré ou.
- c. Lapòs osinon Faks - Rélé 1-866-724-5470 pou ou jwenn yon aplikasyon. Faks li nan 1-954-730-2642, osinon posté li bay Agency for Workforce Innovation, P.O. Box 5608, Ft. Lauderdale, FL 33310-5608.

Ninpòt mwayen ou chwazi, sé pou ou fè yo konnen ou ranpli yon **réklasyon ki gen rapò ak siklòn**.

6. Kilè mwen ta dwé apliké pou Asistans Chomay apré Siklòn?

**Ou dwé apliké pou Asistans Chomay pandan 30 jou apré yon siklòn**, sòf si yo prolonjé dat yo dwé réséwva aplikasyon-an. Ou dwé apliké pwésé pwésé paské ou ka gen pou tann 3 sémèn konsa anvan pou ou réséwva premyé chèk la. Si ou pat kapab apliké anvan dat yo ékzijé-a, ou kapab toujou apliké si ou ka bay yon bon rézon poukisa ou pat apliké davans. Si ou pansé ou gen yon bon rézon, men yo té di ou ou pa kapab apliké paské gen plis 30 jou ki pasé apré siklòn nan, tanpri kontakté biwo nou pou nou ka édé ou.

7. Pou konbé tan mwen kapab réséwva bénéfis Asistans Chomay apré Siklòn?

Ou kapab réséwva bénéfis Asistans Chomay sèlman pou 26 sémèn (6 mwa) apré yon siklòn.

8. Sak ka rivé si yo di mwen mwen pa kalifié pou bénéfis Asistans Chomay apré Siklòn?

Ou gen dwa fè yon apèl nan 20 jou soti nan dat ki sou papié désizyon an. Yo ap ba ou yon randéyou pou yon jijman dévan yon abité Apèl. Si ou béswen yon entèprèt, ou ta dwé mandé pou youn lamèn. Nan jijman sa-a, ou ap gen pou ou ékspliké abité Apèl la poukisa désizyon an pa bon épi tou ou gen dwa pou jwenn bénéfis sa yo. Ou ta dwé menmen témwen épi poté dokiman ansanm ak ou pou ou kapab prouvé ka ou.

Si ou gen kéksion osinon si ou ta renmen jwenn èd ak réklasyon chomay ou-a, tanpri kontakté biwo nou ki pi pré ou.

## Your Legal Services Office Contact Information